# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALALARDA HÁREKETLI OYINLARDI QOLLANIW ARQALI FIZIKALIQ SIPATLARDI TARBIYALAW ÓZGESHELIKLERI

**Tolıbaeva Perizat Raxat qizi**
*Nókis innovaciyalıq instituti Mektepke shekemgi tálim baǵdari 2-kurs talabasi*
perizattolibaeva032@gmail.com

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15079998**

***Annotaciya.*** *Bul maqalada mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń háreketli oyınların qollanıw arqalı fizikalıq sıpatların tárbiyalawda fizikalıq tárbiya quralı sıpatında háreketli oyınlardan paydalanıw hám sol tiykarda mektepke shekemgi tárbiya shólkemleri sharayatında balalardıń háreketli jumısın rawajlandırıw texnologiyasınıń teoriyalıq tiykarların hám metodikalıq jolların anıqlaw, hám maqsetke erisiw procesinde mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sharayatında balalardıń háreket iskerligin rawajlandırıw ushın alıp barılıp atırǵan fizikalıq tárbiyası hám ǵalabalıq salamatlandırıw ilajların shólkemlestirip izertlew alıp barıw názerde tutılǵan.*

***Tayanısh sózler:*** *Mektepke shekemgi bilimlendiriw, háreketli oyın, háreket iskerligi, háreket sipatı, dene tárbiyası, fizikalıq rawajlanıw, fizikalıq sipat, salamatlandırıw, qábilet, fiziologiyalıq faktorlar.*

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtiń basshılıǵında 2017-jıl 16-avgust kúni bolıp ótken májiliste mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın strukturalıq jaqtan túp-tiykarınan reformalaw, usı shólkemlerge balalardı tolıq qamtıp alıw boyınsha áhmiyetli wazıypalar qoyıldı. Bul baǵdardaǵı tallawlar nátiyjesinde qısqa waqıtta úsh úlken hújjet, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 9-sentyabrdegi "Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı PQ-3261-sanlı qararı qabıl etildi. 30-sentyabrdegi "Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın basqarıwdı túp-tiykarınan jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı PF-5198-sanlı Pármanı jáne "Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrliginiń jumısın shólkemlestiriw haqqında"ǵı PQ-3305-sanlı Qararı qabıl etildi.

Joqarıda keltirilgen qarar hám pármanlardı engiziwden maqset, keleshek áwladtıń jetik shaxs bolıp jetilisiwi ushın onıń salamat bolıwına tiykar jaratıw bolıp esaplanadı. Salamat áwlad - salamat el degeni, salamat áwladtı tárbiyalaw wazıypası bolsa birinshi gezekte mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń waziypası bolıp tabıladı. Ilimpazlar, ámeliyatshı qániygelerdıń kópshiligi mektepke shekemgi jastaǵı balalardı fizikalıq tárbiyalaw sisteması shaxsqa kompleksli, insanıy tásir ótkeriwi, hár bir balanıń turaqlı hám imkaniyatı barınsha tolıq fizikalıq rawajlanıw huqıqınıń ámelge asırılıwın támiyinlewi kerek, degen juwmaqqa kelmekte. Balalardı qorshap turǵan ortalıq ózgerip barmaqta. Ápiwayı hám ańsat oyınlardıń ornına

kompyuter oyınları kirip keldi. Balanı aqılıy, estetikalıq rawajlandırıw ústinlikke iye bolmaqta. Olardıń áhmiyetin inkar etpegen halda aytıw kerek, háreketli oyınlar, seyiller, teńlesleri menen sáwbetlesiwge balanıń waqtı barǵan sayın azayıp barmaqta. Oyın menen bala iskerliginiń basqa túrleri, oyınlardıń hár qıylı túrleri arasındağı teńsalmaqlıqtıń buzılıwı (háreketli hám otırıp oynaytuǵın, óz aldına hám birgeliktegi) mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń salamatlıǵında da, háreket qábiletleriniń rawajlanıw dárejesinde de unamsız kórinisler payda bolmaqta. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı fizikalıq rawajlandırıw mashqalaların sheshiwdiń jańa jolların izlew, birinshiden, kórsetilgen qarama-qarsılıqlardı sheshiw zárúrligi menen, ekinshiden, ósip kiyatırǵan jas áwladtıń fizikalıq tayarlıǵı rawajlanıw procesin jetilistiriw nızamların, metodologiyalıq hám metodikalıq sharayatların úyreniw zárúrligi menen baylanıslı. Erte náresteliktiń áhmiyetli ózgesheligi balanıń salamatlıǵı, fizikalıq rawajlanıw jaǵdayınıń óz ara baylanısı hám bir-birine baylanıslılıǵı bolıp esaplanadı. Soǵan muwapıq, mektepke shekemgi jastaǵı balalardı fizikalıq salamatlandırıw, balanıń háreketleniwın rawajlandırıw, shaqqan, kúshli bolıw talapları tiykarında háreketke bolǵan qızıǵıwshılıǵın kúsheytiwdiń nátiyjeli quralların izlep tabıw hám tiykarlap beriw áhmiyetli másele esaplanadı. Bul mashqalanıń sheshimi, biziń pikirimizshe, bir pútin tárbiya procesin, balanıń hár tárepleme sáykes, sonıń ishinde, fizikalıq hám jeke rawajlanıwın támiyinleytuǵın sociallıq-pedagogikalıq sharayatlardıń birligin jaratıwda dep aytıwǵa bolmaydı. Bunda balalardıń háreket iskerligin shólkemlestiriwdiń oyın formaları eń qımbatlı esaplanadı. Biraq háreketli oyınlar tiykarında mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń fizikalıq sıpatları hám psixikalıq processlerin maqsetli rawajlandırıw máselesi haqqında ayırım jumıslarda toqtap ótilgen bolsa da, tolıq sóz etilmegen. Sonıń ushın bul tema boyınsha jumıs alıp barıwdan maqset fizikalıq tárbiya quralı sıpatında háreketli oyınlardan paydalanıw tiykarında mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sharayatında balalardıń hárekesheńligın rawajlandırıw texnologiyasınıń teoriyalıq tiykarların hám metodikalıq jolların anıqlawdan ibarat. Maqsetke erisiw procesinde mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sharayatında balalardıń háreket iskerligin rawajlandırıw ushın alıp barılıp atırǵan dene tárbiyası hám ǵalabalıq salamatlandırıw ilajların shólkemlestiriw hám izertlew jumislarin alıp barıw joqarıda keltirilgen máseleni sheshiwge tiykar jaratadı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sharayatında balalardıń háreket iskerligin rawajlandırıw texnologiyasın jaratıwdıń teoriyalıq tiykarlarınıń mazmunı, forması, quralları hám metodikasın jańalaw jumıstıń predmeti sipatında ámelge asırıladı. Sonday-aq, balalardıń fizikalıq tárbiyasındaǵı bul baǵdardı ámelge asırıw dástúriy qurallar, atap aytqanda,

hárekecheń oyınlardan da balalardıń háreket iskerligin rawajlandırıw maqsetinde paydalanıw tásirin sezilerli jaqsılawǵa járdem beriwi múmkin. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń fizikalıq tayarlıǵın jetilistiriwdiń jas ózgeshelikleri belgilep berildi, olardı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi sharayatında rawajlandırıw teoriyalıq hám tájiriybe jolı menen tiykarlap beriledi, bunıń ushın tómendegiler anıqlandı:

1. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń fizikalıq tárbiyasında háreketli oyınlardı qollanıw tiykarında fizikalıq sıpatlar proceslerin rawajlandırıwdıń jas ózgeshelikleri;

2. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tiykarǵı fizikalıq sıpatları arasındaǵı óz ara baylanıslılıqqa tiykarlanǵan nızamlıqlar;

3. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń fizikalıq qásiyetleri hám rawajlanıwına tásir etiw principi boyınsha qural hám usıllar.

Jumıstıń ámeliy hám teoriyalıq áhmiyeti sonda, izertlewler procesinde qolǵa kirgizilgen ilimiy maǵlıwmatlar mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sharayatında oqıw procesin jetilistiriw mashqalalarına baylanıslı dene tárbiyası teoriyası hám metodikasınıń nızamlılıqların anıqlastıradı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sharayatında balalardıń háreket iskerligin rawajlandırıw texnologiyası islep shıǵıladı hám teoriyalıq jaqtan tiykarlandı.

Balalar hám óspirimler háreket belsendiliginiń sapa táreplerin rawajlandırıwdıń fiziologiyalıq faktorları bulshıq etler hám de vegetativ organlardıń xızmetin basqarıwdı jetilistiriwde kórinedi. Qısqa múddetli, tezliktegi hám kúsh háreketlerinde nerv-bulshıq et sisteması jumısın basqarıwdı jaqsılawǵa kóbirek áhmiyet beriledi. Birqansha uzaq múddetli xizmette háreket funkciyaların jetilistiriw menen birge vegetativ funkciyalardı muwapıqlastırıw da úlken áhmiyetke iye. Biraq balalar hám óspirimler organizminiń kúsh, tezlik hám shıdamlılıq kórsetkishleriniń jaqsılanıwın belgileytuǵın funkciyalarınıń fiziologiyalıq basqarılıwın jaqsılawda nerv sisteması, ásirese, bulshıq etler zorıǵıwlarında organizmniń funkciyalarınıń jaqsılanıwın támiyinlewshi baylanıslardiń qáliplesiwin iyelleydi. Balalıq dáwirinde kúsh, tezlik hám shıdamlılıqtıń óz-ara baylanıslılıǵına qaray hár qıylı formalardı belgilewshi fiziologiyalıq mexanizmler de túrlishe boladi. Shártli-reflektor faktorlar ayrıqsha áhmiyetke iye. Shınıǵıwlar dawamında qanday da bir baǵdardaǵı kúsh, tezlik yamasa shıdamlılıqtı rawajlandırıwshı háreketler ushın oraylıq nerv sistemasında bulshıq etler hám de vegetativ organlardıń jumısın programmalastırıwdıń belgili túrleri júzege keledi. Háreketli oyınlar háreket kónlikpeleri kompleksin rawajlandırıw wazıypasınıń maksimal dárejede ámelge asırılıwın támiyinleydi, sebebi olardıń mazmunı háreket

bağdarlamaların qáliplestiriw hám almastırıwğa bağdarlanğan. Bizge belgili, insannıń rawajlanıw procesinde iyelep alatuğın háreket tájiriybesi hár qıylı dárejedegi háreket bağdarlamalarınıń júzege keliwi hám bekkemleniwinde óz kórinisin tabadı. Háreket kónlikpeleri qanshelli hár qıylı bolsa, jańa háreketlerdi ózlestiriw imkaniyatları sonsha kóp bolatuğını tábiyğıy. Háreketsheń oyınlar quramalı sistema bolğan dene hám onıń bólimleri jağdayları, háreket hám háreket iskerlikleriniń tez-tez almasıp turıwı menen sıpatlanadi.

## DODALAW HÁM NÁTIYJELER

Háreketlı oyınlar balalarda ápiwayı waqıt maqsetin qáliplestiredi. Olar tómendegiler bayan etiledi: oyın háreketleriniń izbe-izligin túsinip alıwdan aldın, soń, bunnan keyin, bunnan aldın, barlığın bir waqıttağıday oyın tapsırmaların signalğa bola, balalar ushın belgilengen múddet sheńberinde tez orınlanıwında kórinedi. Bul oyınlarğa balalar keńislikte mólsher alıwdı, háreketler izbe-izligi hám olarğa waqıt dawamında ámel qiliwdi úyrenedı[3].

Pedagogikalıq ámeliyatta predmetler menen syujetli, háreket hám didaktikalıq oyınlarğa ajıratıladı. Balalardıń fizikalıq tárbiyasında háreketli oyınlar júdá úlken áhmiyetke iye. Háreketli oyınlar kishi, orta hám úlken hárekesheńlik dárejesine iye boladi. Kishi mektepke shekemgi jastağı balalar tábiyiy háreketlerdi oyınlar járdeminde ózlestiredi (qádem taslap júriw, juwırıw, sekiriw, ilaqtırıw, tırmasıw). Háreketli oyınlar balalardı fizikalıq tárbiyalawdıń tiykarğı quralларınan biri. Olardı eki jastan baslap qollaw múmkin. Bul dáwirde balalar juwırıw, sekiriw, ilaqtırıw, tırmasıp shığıw sıyaqlı turmıs ushın zárúr háreket kónlikpelerin ózlestire baslaydı. Úlken mektepke shekemgi jastağı balalar kúsh (qollarda tartılıw), tezlik (qısqa aralıqqa juwiriw, maksimal juwiriw) hám basqa sıpatlar boyinsha jarısıp, óz háreketleri hám imkaniyatların bahalawga boladı. Fizikalıq rawajlanıwdan tısqarı, háreketli oyınlar balalarda erıkligi, mártlik, isenimlilik, shıdamlılıq, jigerlilik sıyaqlı pázıyletlerdi tárbiyalawğa járdem beredi. Balalar ózleriniń háreketke bolğan úlken mútájliklerin, ádette, oyınlar arqalı qanaatlandırıwğa háreket etedi. Olar ushın oyın - birinshi gezekte, jumıs, háreket. Háreketli oyınlar waqtında balalardıń háreketleri jetilistiriledi, baslamashilıq hám erkinligi, isenim sıyaqlı pázıyletleri rawajlanadı. Olar óz háreketlerin muwapıqlastırıwdı, hátte ayırım qağıydalarğa ámel etiwdi (dáslep, álbette, ápiwayı túrde) úyrenedi. Úsh jasqa shekemgi balalar, ádette, júdá tásirli, emocional, jağdayları turaqlı emes, olar hárekesheń boladı, biraq bir túrdegi háreketlerden tez sharshaydı, toqtamay uzaq waqıt júre almaydı. Sol sebepli júdá aktiv balalardı qadağalap turıw: qollarında tartilip turıwğa, úlken biyiklikten sekiriwge ruxsat bermew, olardıń itibarların biraz tómen páttegi oyınlarğa tartıw

kerek. Áste-aqırın oyınlardıń mazmunı da ózgerip baradı. Balalar dáslep úlkenlerdiń kórsetpeleri menen háreketlerdi orınlaydı: mısalı, tawıq yamasa qustı súwretleydi - "dán jiydi," "ushadı". Úsh jasta balalar úlkenlerdiń háreketlerine eliklewden hár túrli "súwretlew" yamasa roller boyinsha bolatuǵın oyınlarga ótedi. Olar rolli yaki obrazlı oyınlar oynaydı, shıpaker, satıwshı, aydawshı, aspaz hám basqalardı súwretleydi. Balalar ózlerine tanıs háreketlerdi gana emes, al kórgenlerin aktiv túrde tákirarlaydı. Oyın uzıraq dawam etedi, onıń syujeti hár qıylı hám túsinikli bolip baradı. Keyinirek oyın jáne de qıyınlasadı. Onda úsh rol payda boladı, máselen, bir bala qoydı, ekinshisi - qasqırdı, úshinshisi - shopandı súwretleydi. Hár qıylı oyınshıqlar menen ótkeriletuǵın óz betinshe háreketli oyınlar júdá paydalı. Balalardı eki, úshten toparlaw múmkin. Balanıń háreketleri ádette oyınshıq túrleri menen belgilenedi, máselen, bayraqshalar, tosıqlar menen juwiriw, mashinalardı júrgiziw, toplardı domalatıw, ılaqtirıw, uslap aliw kerek. Balalar bunday oyinshiqlardan qızıǵıwshılıq penen shuǵıllanadı. Qanday da bir ǵárezsiz oyınlarda balalar dárhal belsendilik hám baslamashilıq kórsete almaydı, olardıń háreketleri bir qıylı hám sheklengen. Biraq úlkenlerdiń tapsırmasın orınlaw menen baylanıslı oyınlarda balalardıń háreketleri anıq maqsetke baǵdarlanǵan boladı, olar háreketlerdi birneshe márte tákirarlap, háreket kónlikpelerin bekkemleydi, shaqqanlıq, sheberlikti rawajlandıradı. Balalar hátte ózleri oyın menen shuǵıllanıp atırgan waqıtlarında da olarǵa basshılıq etiw júdá áhmiyetli. Olardan ayırımlarınıń oyınların quramallastırıw, basqalarına baslaǵan jumısın aqırına jetkeriwdi úyretiw, úshinshisi eger tım-tırıs oynap atırǵan bolsa, sóylesip turiw maqsetke muwapıq. Kóbinese ózbetinshe oyınlarda balalar naduris hám hátte qáwipli háreketlerdi de orınlaydı. Balalarǵa úyretiliwi kerek bolǵan dáslepki oyınlar belgili bir syujet hám qaǵıydalarǵa iye bolmaydı. Bala ápiwayı, qızıqlı tapsırmalardı orınlaydı, kelip oyinshiqti qolına aladı, úlkenlerdiń aldına juwırıp barıp, olardıń qolında jasırıńgan nárseni kóredi. "Bayraqshanı al," "Meniń janıma juwır," "Bayraqshanı tap" oyınları buǵan mısal bola aladı. Oyınlardı úyretiwde belgili bir izbe-izlikke ámel etiw kerek. Máselen, "Meni usla" oyını "Seni uslap alıp qolaman" oyınına qaraǵanda ápiwayıraq boladi. Birinshi jaǵdayda bala ózinen úlken adamdı uslap alıwı kerek, ekinshi oyında uslap qalıw qáwpi júzege keledi, sonıń ushın bala kóbirek fizikalıq kúsh jumsalıwına tuwra keledi. Oyınlar mazmunı barǵan sayın hár qıylı bolıp barıwı, jáne de quramalıraq tapsırmalardı óz ishine alıwı zárúr. Eger bala dáslep oyınshıqtı alıw ushın ózi qálegen pátte juwırǵan bolsa, oyın jaqsı ózlestirilip alınǵannan keyin juwırıw pátin úlkenler belgilep alıwı kerek.

Háreketlı oyınlardıń kelip shıǵıwı áyyemgi xalıq pedagogikasına barıp taqaladı. Dáslepki jas balalar shańaraqlarda balanıń dáslepki háreketi menen baylanıslı ermek oyınlar járdeminde tárbiyalanǵanlar. Onnan úlken jastaǵı balalar ómirinde hár qıylı háreket mazmunına iye bolǵan (óz ishine balalardı ózine tartiwshi oyın baslamaları) xalıq oyınları úlken orın iyelegen. Usilardıń hámmesi házirgi waqıtqa shekem kórkemlilik hám tárbiyalıq áhmiyetin saqlap kelmekte hám qimbat bahalı oyın folklorın shólkemlestiredı[5].

Juwmaqlap aytqanda mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerınde fizikalıq tárbiyası shınıǵıwlarında háreketli oyınlardı qollanıw balalardıń háreket imkaniyatların, fizikalıq tayarlıǵın rawajlandırıwǵa járdem beredi, sonıń menen birge, olardıń kishi mektep jasına ótiw ushın tayarlıq sapasın arttıradı.

**Paydalanilgan ádebiyatlar:**

1. O'zbekiston Respublikasining nizami "Jismoniy tahbiya ham sport tuwrisindagi (yangi tahriri) "Xalq so'zi" gazetasi 2015 yil 5 sentyabr №174 (6357) – soni.
2. Abdullaev A., Xonkeldiev Sh.X. "Jismoniy tarbiya nazariyasi ham usuliyati" T. O'zDJTI nashriyot. 2005 y.
3. Raximqulov K.D. «Kichik yoshdagi bolalarning qaddi qomatini rivojlantirishga mo'ljallangan mashqlar ham harakatli o'yinlar» 2001 y
4. Masharipova M.I. "Maktabgacha tarbiya muassasalarida bolalarning harakat potensiyalini rivojlantirish texnologiyasi" Monografiya. Tashkent 2018 y.
5. Harko Brown. Traditional Maori Games. - Copyright © 2006 year.